

Defann Tèt Ou Nan Tribinal Pou Ti Reklamasyon Piti Yo

KISA TRIBINAL POU TI REKLAMASYON PITI YO YE: Se yon tribinal espesyal ki jere reklamasyon ki pa depase \$5,000

ÈSKE OU BEZWEN YON AVOKA: Petèt non. Tribinal pou Ti Reklamasyon Piti yo itilize etap ki ase senp.

KIJAN OU KONNEN KE Y AP ASIYEN W: Ou va resevwa papyè ofisyèl ki soti nan Tribinal la. Papyè sa yo va vin jwenn you swa pa yon "wisye" ki se yon moun k ap sèvi w manda a de men an men oswa vin jwenn ou pa la pòs. Gen de papyè ou va resevwa.

- "Kominike Reklamasyon an": Dokiman sa a va ba w non moun ki asiyen w nan epi li va di w tou pou kisa yo asiyen w. Moun ki asiyen ou a, yo rele li "*Plaintiff*" (Pleyan) epi ou menm ou se "*Defendant*" (Akize a).
- "Avi pou w Konparèt": Sa a ba w dat, lè ak lokal kote "Konferans k ap fèt anvan Jijman an" ap fèt la.

KISA "KONFERANS K AP FÈT ANVAN JIJMAN AN" YE: Avi pou w Konparèt la va ba w enfòmasyon sou konferans ki gen pou fèt anvan jijman an. Si w pa ale ou va pèdi pwosè sa pa defo.

- Si w pa parèt ou va dwe tout lajan ke moun k ap asiyen ou a reklame. Si w pa dwe tout lajan moun nan reklame a epi ou panse ou kapab pwouve li, li enpòtan pou w ale nan konferans k ap fèt anvan jijman an.
- Konferans k ap fèt anvan jijman an PA yon jijman (ou pa bezwen vini ak temwen). Tribinal la sèlman vle konnen si w dakò oswa si w pa dakò ak reklamasyon an. Si w pa dakò ak reklamasyon an epi ou pa kapab jwenn yon antant ak Pleyan an a travè medyatè a, Tribinal la va fikse yon dat pou jijman an fèt.
- Nan konferans k ap fèt anvan jijman an, Tribinal la va mande pou ou menm ak pleyan an rankontre ak yon "medyatè". Medyatè a, se pa li ki jij la. Objektif la se pou eseye jwenn yon antant. Si nou pa rive jwenn yon antant Tribinal la va fikse yon dat pou jijman an.

TEMWEN – MANDA POU KONPARÈT DEVAN TRIBINAL: Pandan w ap prepare pou jijman an ou kapab deside ou bezwen temwen ki pou temwaye. Gen kèk moun ki kapab diskonib pou yo ale nan jijman an (tankou yon sè w oswa yon zanmi w) men yo bezwen pou Tribinal la ba yo dokiman pou yo sa pa ale travay. Gen lòt ki pap vini amwens yo oblije yo vini (pa ekzanp, yon polisye). Nan tou lè de ka yo, ou kapab mande nan biwo grefye tribinal la pou yo bay temwen sa a yon "manda pou li konparèt devan tribinal la". Yon manda pou konparèt devan tribinal se yon lòd ki soti nan Tribinal la ki ekzije pou yon temwen vini nan jijman an.

KISA KI PASE NAN JIJMAN AN: Premyèman jij la va tande istwa Pleyan an. Pleyan an kapab byen gen yon temwen.. Epiou Pleyan an kapab byen pote dokiman kòm prèv. Ou va gen chans pou w poze Pleyan an ansanm ak Temwen an kesyon. Lè Pleyan an fini, jij la va mande w pou w rakonte istwa pa w la. Ou ta dwe eksplike jij la pou ki sa ou panse ou pa dwe lajan ke moun nan reklame a. Ou kapab vini ak temwen. Epiou ou kapab vini ak dokiman kòm prèv. Si w gen

dokiman, asire w ke ou vini ak de kopi, (youn pou Tribinal la epi lòt kopi a pou Pleyan an).

KISA YON "JIJMAN AN" YE: Nan fen jijman an jij la va pran yon desizyon pou fè konnen si w dwe lajan an ou pa. Desizyon an ki fèt a lekri se li yo rele yon "jijman".